WIKIPÉDIA

Pusat Dokumentasi lan Informasi Kebudayaan Minangkabau

Artikel iki prelu dirapèkaké supaya jumbuh karo wewaton artikel Wikipédia
Panjenengan bisa mbiyantu ngrapèkaké artikel iki kanthi mérang dadi paragraf-paragraf utawa wikifikasi. Sawisé dirapèkaké, tandha iki kena dibusak.

Pusat Dokumentasi dan Informasi Kebudayaan Minangkabau

PDIKM

PDIKM

Dikukuhaké	1990
Pernah	Kalurahan Silaing Bawah, Kacamatan Padang Panjang Barat, Kota Padang Panjang, Sumatera Barat, Indonésia
Jinis	Museum kabudayan Minangkabau

Pusat Dokumentasi lan Informasi Kebudayaan Minangkabau utawi asring dipuncekak **PDIKM** inggih punika salah sawijining musiyum ing Sumatera Barat ingkang dumunung ing Kalurahan Silaing Bawah, Kacamatan Padang Panjang Barat, Kota Padang Panjang. Museum punika isinipun manéka jinis informasi saha koléksi babagan kabudayan Minangkabau ingkang wujud dokumentasi audio menapa déné visual. Museum punika saged kapanggih saking jalur utama Padang–Bukittinggi, kanthi jarak kirang langkung kalih kilomèter saking pusat Kota Padang Panjang.

Isi

Sajarah
- 1988–1990: Awal pendhirian
- 1990–Sapunika: Masa salajengipun

Cathetan suku

Sajarah

1988–1990: Awal pendhirian

[[Berkas:Pusat Dokumentasi dan Informasi Kebudayaan Minangkabau.jpg|thumb|250px|left|Replika *Rafflesia arnoldii* di taman PDIKM]] Hal utama ingkang dados undheranging pambangunan PDIKM salah satunggalipun inggih punika wontenipun pamanggih bilih masarakat Minangkabau sanès pangempal dokumén ingkang saé, tegesipun dokumén ingkang kongkrit lan sinerat, amargi tiyang Minang sampun biyasa kaliyan budaya tutur ingkang dipunturunaken kanthi turun temurun; ing kasunyatanipun panci dokumentasi babagan Minangkabau langkung kathah kapanggih ing njawi rangkah Minangkabau, kados ta ing Museum Nasional Indonésia, Jakarta utawi Museum Leiden, Walanda. dhedhasar kesadharan kanggé nglestantunaken saha nyaketaken

dokumén babagan Kabudayan Minangkabau kaliyan Tiyang Minang piyambak, Bustanil Arifin, Mantan Mantri Koperasi Republik Indonesia nalika masa Orde Baru, gadhah pamanggih saperlu yasa sawijining lembaga non-profit wujud wadhah saperlu ngimpun manéka dokumén saha informasi babagan Kabudayan Miangkabau. Abdul Hamid, ingkang sapérangan ageng gesangipun ngabdi pendidikan ing Sumatera Barat, dipunsuwuni kawigatosanipun saperlu njajaki dipunbangunipun lembaga punika, lajeng nalika tanggal 8 Januari 1988 dipunyasa Yayasan Dokumentasi dan Informasi Kebudayaan Minangkabau (YDIKM).

Saperlu nggayuh ancasipun, YDIKM yasa sawijining wadhah ingkang dipunsukani nama Pusat Dokumentasi dan Informasi Kebudayaan Minangkabau (PDIKM). PDIKM piyambak ancasipun saperlu maringi informasi babagan kabudayan Minangkabau saha ngempalaken manéka macem literatur lan dokumentasi audio lan visual; kados ta ngrekam manéka prastawa adat in salebeting filem lan video, ngrekam lagu-lagu tradhisional, dumugi damel duplikat piranti-piranti musik tradhisional. Nalika tanggal 8 Agustus 1988 dipunadani "peletakan batu" kapisanan minangka tandha dipunwiwiti pambangunan PDIKM ing Padang Sarai, Kalurahan Silaing Bawah. Wangunan PDIKM dipunyasa ing lemah kanthi jembar 2 Ha kanthi arsitèktur kados wujud Rumah Gadang, lan dipunresmikaken panganggénipun nalika tanggal 17 Dhésèmber 1990. Wiwit punika sampun kakempalaken 3.000 langkung dokumén dangu babagan Minangkabau kanthi wujud reproduksi buku, naskah, kliping koran, foto punapa déné mikrofilem; kathahipun terbitan sadéréngipun taun 1945, sapéranganipun taksih kanthi basa Walanda saha Arab Melayu.

1990–Sapunika: Masa salajengipun

Saperlu "memperdalam" akses pangunjung tumrap isi dokumén ingkang wonten ing PDIKM, sampun dipuntindakaken upaya penterjemahan saking naskah-naskah dangu ingkang sapérangan kanthi basa Walanda lan Arab Melayu. Minangka upaya komunikasi saha ajang "pengayaan" informasi dipu terbitaken Buletin Triwulan Simandarang kanthi oplah 1.000 eksemplar ingkang dipundistribusikaken ing perguruan tinggi, peneliti, lan intelektual nagari lan manca.

Kanthi lumampahing wekdal, dhedhasar kesepakatan Yayasan Dokumentasi dan Informasi Kebudayaan Minangkabau kaliyan Pamarentah Kota Padang Panjang saéngga pengelolaan PDIKM dipunalihaken saking YDIKM dhumateng Pamarenta Kota Padang Panjang ing pundi, punika inggih Dinas Pemuda Ulah raga Kebudayaan dan Pariwisata. Hal punika saperlu njamin pengelolaan ingkang langkung saé, saking hal "materi", manajemen, punapa déné sumber daya manungsa pengelolanipun. Dokumén éwahaning status pengelolaan punika dipuntapak asmani nalika wulan Oktober 2006 antawis Walikota Padang Panjang lan Anas Nafis wakil saking Yayasan DIKM. Kanthi wontenipun PDIKM ing pangajab saged ngrangsang minat masarakat umum saperlu nyinaoni saha nggali malih sajarah lan aji-aji masarakat Minangkabau ingkang taksih "relevan" saperlu dipun "implementasikan".

Cathetan suku

- Profil di situs resmi Pamaréntah Kota Padangpanjang (http://www.padangpanjangkota.go.id/index.php?option=com_content&view=article&id=414:tempat-bersejarah&catid=101:wisata-budaya&Itemid=611)
- [1] (http://thearoengbinangproject.com/2011/04/pusdokinfo-kebudayaan-minangkabau-padangpanjang/)
- [2] (https://foursquare.com/v/pusat-dokumentasi-dan-informasi-kebudayaan-minangkabau/4c37f1d82c8020a192168a00)
- [3] (http://www.indonesia.travel/en/destination/search)
- [4] (http://wikimapia.org/2296033/Pusat-Dokumentasi-dan-Informasi-Kebudayaan-Minangkabau-Padang-Panjang)
- [5] (http://digilib.unpas.ac.id/files/disk1/3/jbptunpaspp-gdl-sucihayati-146-1-996010067.pdf)

- [6] (http://bukittinggi.ipdn.ac.id/company-blog/pusatdokumentasidaninformasikebudayaanminangpdikm)

Wikimedia Commons duwé médhia ngenani ***Pusat Dokumentasi lan Informasi Kebudayaan Minangkabau***.

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Pusat_Dokumentasi_lan_Informasi_Kebudayaan_Minangkabau&oldid=1449294"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 12.49, 29 Juni 2018.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.